

PRIVATE STUDENT LENDING

Prè Prive Etidyan



AVÈTISMAN: Eleman debaz pwodwi oswa sèvis sa a disponib sèlman an Anglè: pa egzanp, dokiman kontra yo, divilgasyon legal yo, epi kominikasyon sèvis ki gen rapò ak pwodwi oswa sèvis la pral bay epwi yo dwe egzekite (kote li ta dwe aplike a) an Anglè. PNC fè efò pou l ofri anpil sèvis sipò lang, men tanpri fòk ou konnen anjeneral pwodwi oswa sèvis la pral akonpli epi sèvi an Anglè. Tèm ak kondisyon prodwi PNC yo estandadize: byenke kondisyon yo ka varye selon reyalite aplikasyon an (sa gen ladan de karakteristik prodwi kliyan chwazi a), admisyon varyasyon yo deja detèmine pakonsekans anplwaye PNC yo pa gen oken otorite pou yo negosye tèm varyasyon an avèk oken moun.

Resous Lang PNC

Tanpri gade nan [PNC.com/Language](https://pnc.com/Language) pou jwenn enfòmasyon anplis sou Sipò ki disponib pou Lang.

Prè Prive Etidyan

Genyen opsyon prè pou etidyan prive
ak prè etidyan pou refinance.



Si w aplike pou yon prè prive etidyan yo nan PNC (yon PNC Solution Loan®), oubyen yon PNC Education Refinance Loan (“PERL”):

- Ou pral resewva yon montan prè ki fiks. Nivo montan prè posib yo site anba a:

Nivo Montan Solution Loan:

- Etidyan ki pako gradye menm yo ak etidyan medsin yo: \$1,000 - \$50,000
- Etidyan ki gradye deja yo ak etidyan medsin yo ki gradye deja yo l: \$1,000 - \$65,000
- Rezidans Pwofesyon Lasante yo: \$1,000 - \$15,000
- Etid Bawo: \$1,000 - \$15,000

Nivo Montan Prè PERL:

- Si w pat Gradye: \$10,000 - \$25,000
- Premye nivo Diplòm inivèsite a: \$10,000 - \$75,000
- Dezyèm nivo Diplòm inivèsite a: \$10,000 - \$175,000
- Twazyèm nivo Diplòm inivèsite a: \$10,000 - \$200,000

- Ou pral kapab sèvi ak prè de solisyon an pou w peye pou etid premye sik, etid siperyè ak lekòl profesyonèl yo, depans rezidans pou profesyon medsin yo, ak depans pou etidyan ki nan dwa yo. Ou ka itilize yon PERL pou w ka refinance yon prè etidyan ki te egziste deja.¹
- Lajan ki soti nan prè de solisyon an pral jwenn lekòl la dirèkteman, eksepte nan ka ke prè pou etidye dwa oubyen avoka a oubyen depans pou kote w rete, nan ka sa yo ka ba w lajan dirèkteman. Nan ka ke w ap refinance avèk yon PERL, lajan an ka distribye bay enstitisyon yo ki kenbe prè an epwi y ap refinance l.
- Ou ka chwazi gen yon to enterè varyab oubyen fiks pou prè de solisyon oubyen PERL. Yon to varyab ka chanje pandan dire tan prè a dapre yon endèks ak lòt faktè ankò. Yon to ki fiks pap janm chanje pandan dire tan prè a.²
- Ou ka chwazi pou gen yon moun siyen avèk ou pou prè de solisyon an oubyen PERL la. Si w poko gen 18 tan, ou oblije gen yon lòt moun ki kapab siyen avèk ou. Ou pral oblije remèt montan prè a, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen, sou yon peryòd de tan ki fikse. Pou prè de solisyon an, ou ka chwazi pou w kòmanse remèt prè a imedyatman, ou ka kòmanse remèt/peye enterè-sèlman pandan yon peryòd de tan, oubyen ranwaye peman yo jiska (6) sis mwa apre ou fin gradye, oubyen sispann enskri omwen yon baz mwaye tan. Pou PERL, ranbousman imedyata se sèl opsyon sa a ki genyen.
- Ou ka peye montan prè a alavans nenpòt ki lè san penalite, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen.
- Ou pral resewva yon rapò chak mwa ki gen enfòmasyon enpòtan sou kont sa a. Ou ta dwe li chak rapò/deklarasyon sa yo ak anpil atansyon. Li pral gen nan li montan ou dwe peye mwa sa, montan total prè a, epi montan total ou te peye jiskaprezan, ansanm ak lòt enfòmasyon ak divilgasyon enpòtan sou kont sa a, pa egzanp fason pou w fè yon peman.
- Si w pa peye chak mwa nan dat presize yo ba ou a, bank la ka chaje w yon frè de reta. Frè ki aplikab yo divilge nan Akò Kredi w la ak nan divilgasyon ki asosye l yo.
- Si w panse gen yon erè nan rapò/deklarasyon mansyèl ou a, ou ka kontakte administratè prè w la.
- PNC ka rapòte aktivite peyman yo bay ajans biwo de kredi yo.

1 Gen kèk benefis/Avantaj Federal ki Pral Pèdi yo p ap Disponib ankò: Si w refinanse prè federal ou yo pou Prè Edikasyon PNC a, ou pral pèdi oubyen p ap kapab chwazi lòt plan peman ki disponib pou prè federal etidyan yo ankò, tankou ranbousman ki depann de revni an oubyen ranbousman ki baze sou revni. Anplis de sa, prè federal pou etidyan yo ofri opsyon ranwa, delè sipleman tè ak padon prè ki gendwa pa disponib nan yon Prè Refinansman Edikasyon nan PNC. Tanpri konpare avantaj ou gen kounye a parapò ak program sa a pou asire ke ou konprann trè byen tout avantaj ki egziste yo.

2 Yon to fiks pa ta dwe chanje pandan dire prè a, sepandan, si w te gen yon peman otomatik epwi w retire l, li posib ke to ou a ap ogmante.

Prè prive pou Etidyan yo depann de apwobasyon kredi a. Gen kèk restriksyon ak kondisyon ki ka aplike. Nou ankouraje w pou w chèche tout opsyon bousdetid yo, ak prè etidyan federal avan w aplike pou yon prè prive.

PNC, PNC Bank ak PNC Solution Loan se mak depoze The PNC Financial Services Group, Inc.

©2024 The PNC Financial Services Group, Inc. Tout dwa rezève.